



### Akademisyen Pierre-Michel CHÉRY

#### Prezantasyon

Pierre Michel CHÉRY fèt 18 mas 1956 nan yon komin Miragwàn, Depatman Nip. Li etidye estatistik ak enfòmatik kote li pran yon metriz nan Teknoloji enfòmasyon. Nan lane 1983, li soti ak yon diplòm nan Jesyon biznis nan INAGHEI, Inivèsite Leta Ayiti. Kòm kesyon lang te toujou enterese li, nan lane 1994, li antre nan Fakilte Lengwistik Aplike pou etidye Lengwistik.

#### Piblikasyon

Pami plizyè zèv an kreyòl li pibliye, nou ka site woman sa yo:

- *Eritye Vilokan*
- *Bèbègòlta*
- *Senfoni Nago*

#### Angajman

Pierre Michel CHÉRY se yon defansè, yon pwomotè lang nasyonal ayisyen an. Li chwazi ekri sèlaman nan lang kreyòl. Li se otè plizyè woman ak atik refleksyon sou literati ak kilti ayisyen. Li pwodui tou yon kantite atik ki konsène ansèyman matyè an kreyòl nan lekòl Ayiti, prensipalman ansèyman matematik an kreyòl kote li pwopoze kèk zouti pedagojik.

Li angaje li nan sektè sa yo :

- Edikasyon
- Lengwistik
- Rechèch sou lang kreyòl

Se Sosyete Animasyon ak Kominikasyon Sosyal (SAKS) ki te depoze dosye kandidati Pierre Michel CHÉRY kòm Akademisyen